

KISA POU W FÈ SI YO ASIYEN W POU LAJAN LWAYE OU PA PEYE



Legal Services of Greater Miami, Inc.

Projé Sou Dwa Lokaté

Renters' Education and Advocacy Legal Lines (REAL)

<https://sites.google.com/site/reallsgmi>

www.lsgmi.org

KISA KI PASE SI MWEN DWE ANSYEN PWOPRIYETÈ MWEN LWAYE?

Ansyen pwopriyetè w ka pouswiv ou devan Tribinal pou Ti Reklamasyon piti yo pou lajan lwaye ou pa te peye anvan ou te demenaje.

- Si ou te gen akò lwaye oral, ou ka responsab pou lwaye ou pa te peye lè ou te demenaje.
- Si ou te genyen yon dokiman ekri, ou ka responsab pou lwaye ou pa te peye lè ou te demenaje. Ou ka responsab tou pou w peye lwaye pou rès mwa ki rete yo si ou te demenaje anvan fen kontra a. Ou ka revize kontra lwaye a pou wè sa li di sizoka ou pa respekte kontra eke ou kite anvan lè.

Si yo pouswiv ou nan tribinal ti reklamasyon, ou pa bezwen depoze repons, men ou dwe parèt nan konferans y ap fè anvan odyans lan. Si ou te resevwa yon plent nan tribinal la, itilize fòm modèl «Repons» nou an, mete tout defans ou ka genyen epi soumèt li bay tribinal la. Asire w ou gen yon kopi pou dosye w epi voye yon kopi pa lapòs bay pwopriyetè a oubyen bay avoka li.

REZON KI FÈ YO K AB PA OBLIJE W POU W PEYE LWAYE OU TE DWE ANSYEN PWOPRIYETÈ W

Menm si ou te demenaje anvan “kontra lwaye” ou a fini, oubyen ou pat peye mèt kay la tout lajan lwaye ou te dwe a, ou ka gen bon rezon ki ka fè Tribinal la pa ta dwe mande w pou peye pwopriyetè a lwaye. Tribinal la rele rezon sa yo “defans”. Men kèk defans ou ka genyen kont pwosè pwopriyetè ou a:

1. Gwo Vyolasyon Kòd Lojman

- Lwa Florida mande pwopriyetè yo pou yo kenbe inite yo ki nan lwaye yo nan bon kondisyon.
- Si ou te demanaje paske kondisyon yo pa te bon epi sa te fòse demenaje, epi ou gen prèv(foto oubyen lèt vyolasyon kòd konfòmite a) jij la ka deside ke ou pa gen pou peye lwaye pou tan ou pat ka viv la oubyen redwi lwaye ou dwe a.

2. Mèt Kay te Lwe Kay la ba Nouvo Lokatè

- Eksplike Jij la si pwopriyetè a te lwe pwopriyetè a ak lòt moun. Si pwopriyetè a te relwe pwopriyetè a ak lòt moun, ou ka pa responsab pou dèt lwaye a pou peryòd ant lè ou te demenaje a ak lè kontra w te gen pou l fini an. Si pwopriyetè a te relwe pwopriyetè a ak lòt lokatè k ap peye mwens ke ou te peye, ou ka responsab pou pati lwaye ke nouvo lokatè yo pap peye a. men, si pwopriyetè a pat kapab lwe pwopriyetè a ak pèsòn, ou ka responsab pou peye tout kòb la selon sa kontra a ye.
- *Nòt: lalwa pa ekzije pwopriyetè a pou li relwe kay la tout tan li pa rebran kay la si ou te demenaje anvan kontra w te bout. Toujou revize kontra ou pou ka wè sou kisa ou menm ak pwopriyetè a te tonbe dakò.*

3. OU GEN YON KREDI POU LWAYE DENYÈ MWA OU TE PEYE DAVANS LAN

- Kèk pwopriyetè mande lokatè yo pou peye lwaye dènye mwa a lè ou te siyen kontra a.
- Yo ka kondirere lajan lwaye ki peye davans tankou yon depo pou sekirite. Ou ta dwe li kontra lwaye a pou ka konnen kisa pwopriyetè a te defini kòm depo sekirite.
- Si ou te peye pou lwaye dènye nwa a a lavans epi kontra a pa pèmèt ou itilize peman sa kòm depo sekirite, pwopriyetè a dwe itilize kòb sa tankou kredi pou lwaye dènye mwa a. si pwopriyetè a pap ba w kredi pou kòb sa, pote prèv ke ou te peye kòb pou montre tribinal la epi eksplike Jij la ke ou te deja peye pwopriyetè a kòb sa.

4. Pwopriyetè a Komèt yon Erè lè l ap fè Kalkil Konbyen Lajan Lwaye ou Dwe

- Pwopriyetè a ka te fè yon erè nan imajine konbyen kòb lwaye ou dwe li. Ou ka pat dwe l okenn kòb lwaye ditou, oubyen yon kòb ki pi piti pase sa li di ou dwe li a.
- Fè kalkil pa w sou konbyen kòb lwaye ou te peye ak konbyen ou ka dwe pwopriyetè a. Rasanble prèv tout peman lwaye ou bay pwopriyetè a. Prèv yo gen ladan resepsè orijinal, rapò manda, chèk ki anile ak rapò bank. Pote prèv ou yo nan tribinal la pou montre Jij la.

SAKAPFÈT SI MWEN PÈDI?

Si ou pèdi ka a, Jij la ap bay yon jijman final kont ou. Jijman final la ap ba w lòd pou w peye swa kòb pwopriyetè a ap mande w la oubyen yon sòm rezonab selon sikonstans lan. Pa egzanp, jij la ka ba w lòd pou peye yon kòb ki pi piti si pwopriyetè a te ba w anpil chaj. Yo ka mande w tou pou peye frè avoka pwopriyetè a ak frè tribinal la.



Legal Services of Greater Miami, Inc.

Biro Prensipal

3000 Biscayne Boulevard, Swit 500
Miami, FL 33137
Telefòn-n: (305) 576-0080
TTD: (305) 573-1578

South Dade

11285 SW 211 Street, Suite 302
Miami, Florida 33189
Telefòn-n: (305) 576-0080
TTD: (305) 573-1578

Monroe County

Telefòn-n: (877) 715-7464
TTD: (877) 715-7461

Passionately Committed to Equal Justice

Se Legal Services of Greater Miami, Inc. ki prepare dokiman sa yo e dokiman sa yo pa gen dwa repwodui oswa distribye pazavan LSGMI bay yon otorizasyon a lekri.

IN THE COUNTY COURT IN AND FOR MIAMI-DADE COUNTY, FLORIDA

CASE NO.

Plaintiff,

vs.

Defendant(s).

_____/

ANSWER

CERTIFICATE OF SERVICE

I HEREBY CERTIFY that I sent a copy of this Answer to _____

_____, on _____, 20____.

Defendant's Name: _____

Address: _____

Telephone: _____